



EDIKASYON POU FÒME SITWAYEN

PWOGRAM FÒMASYON POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL FONDAMANTAL

MODIL FOMASYON A DISTANS

Oganism ki finanse program nan



DESANM 2013

EDIKASYON POU FÒME SITWAYEN

PWOGRAM FÒMASYON POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL FONDAMANTAL

MODIL FOMASYON A DISTANS

Elaboratè :

Dormil FENELUS

Marie Claudèce JOSEPH

Konsepsyon ak kowòdinasyon

Tony CANTAVE

Pierre-Michel LAGUERRE



SA NAP JWENN ANDEDAN DOKIMAN SA A

➤ Pou komanse	paj 2
➤ Edikasyon pou fome yon bon sitwayen	paj 3
Oryantasyon Ministè Ledikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl	paj 3
Konpetans apre premye sik lekòl fondamantal	paj 3
Konpetans apre elèv yo fini premye ane lekòl fondamantal	
Mo enpòtan	paj 3
Ki tèm	paj 3

PREMYE ANE :

Tèm # 1 Idantite

Nòt pou anseyan	<i>paj 4</i>
Sekans # 1 Idantite pèsònèl oswa endividyèl	paj 5-6
Sekans # 2 Idantite famiy	paj 7
Sekans # 3 Idantite sosyal ak lokal	paj 8
Sekans # 4 Idantite nasyonal	paj 9

Tèm # 2 Dwa ak devwa ti moun

Nòt pou anseyan	paj 10
Sekans # 1- Dwa ti moun	paj 11
Sekans # 2 -Devwa ti moun	paj 12

Tèm # 3 Valè nasyonal ak inivèsèl

Nòt pou anseyan	paj 13
Sekans # 1 Valè nasyonal	paj 14
Sekans # 2 Valè inivèsèl	paj 15

DEZYEME ANE :

Konpetans apre elèv yo fini dezyèm ane lekòl fondamantal	
Mo enpòtan	paj 3
Kantite tèm	paj 3
<i>Tèm # 1 Idantite</i>	
Nòt pou anseyan	<i>paj 4</i>
Sekans # 1 Idantite pèsònèl oswa endividyèl	paj 5
Sekans # 2 Idantite nasyonal	paj 6
<i>Tèm # 2 Anviwonman sosyal: fanmiy</i>	
Nòt pou anseyan	paj 7
Sekans # 1- Kalte manm nan yon fanmiy	paj 8
Sekans # 2 –Wòl chak manm yon fanmiy	paj 9
<i>Tèm # 3 Anviwonman sosyal : Lekòl</i>	
Nòt pou anseyan	paj 11
Sekans # 1 Idantifye lekòl ou	paj 13
Sekans # 2 Wòl pèsònèl eskolè	paj 14
Sekans # 3 Aktivite eskolè	paj 15
<i>Tèm # 4 Kilti ak soyete</i>	
Nòt pou anseyan	paj 16
Sekans # 1 Chante popilè an Ayiti	paj 17
Sekans # 2 Jwèt popilè an Ayiti	paj 18
Sekans # 3 Kont popilè an Ayiti	paj 18

POU KÒMANSE

GRAHN¹ ak GRIEAL² mete tèt ansanm pou yo ofri anseyan ayisyen yo yon fòmasyon ki kapab ede yo amelyore kalite ansèyman yo nan lekòl an Ayiti. Se nan sans sa a yo prepare pwogram fòmasyon sa a. Sa ki nouvo nan oryantasyon yo bay nan fòmasyon sa a se travay ki fèt pou ede anseyan yo ranfòse kapasite pou yo anseye selon yon lòt apwòch ak zouti ki ka pèmèt yo fè lekòl yon lòt fason. Alòs, anpil anseyan kwè yon bon ansèyman se bay eksplikasyon pou elèv yo repete, fòmasyon sa a ap montre yo pito kote yo ka ede elèv yo konstwi konesans ak posiblite pou mobilize yo pou rezoud pwoblèm. Kidonk, pwèn fòmasyon pou pwogram fòmasyon an tabli sou baz konpetans ki se « aptitud pou itilize konesans, ladrès ak atitud pou akonpli divès kalte tach »³.

Pwogram fòmasyon an kòmanse ak oryantasyon Minisè ledikasyon pwopoze sou disiplin syans sosyal. Nou jwenn tou pwofil sòti elèv yo apre premye sik lekòl fondamantal la. N ap jwenn nan dokiman an, pou chak tèm yon nòt pou anseyan an ak zouti pou li ak elèv yo.

Men kijan pwogram sa a òganize:

- Yon **konpetans tèminal** (KT) ki tabli konpetans elèv la dwe genyen nan syans sosyal;
- Konpetans tèminal la divize an **konpetans espesifik** ($K_1 \dots K_3$, 3 maksimòm);
- Chak konpetans espesifik yo divize an Objektif aprantisaj ($OA_1 \dots OA_4$);
- Pou chak objektif aprantisaj, yo elabore yon sekans aprantisaj ($S1 \dots S4$) ki gen ladan egzèsis;
- Chak fwa yon seri aprantisaj fin reyalize, ap genyen yon aktivite entegrasyon pasyèl kivedi yon evalyasyon.

Alafen ane eskolè a ap genyen yon aktivite entegrasyon konplèks ki pou tabli nan ki degre elèv la atenn konpetans tèminal la.

¹ GRAHN se yon òganizasyon ki reyini Ayisyen an Ayiti ak nan tout dyaspora a pou reflechi e potekole pou yo rebati yon lot Ayiti tou nèf.

² GRIEAL se yon enstitisyon ki ap travay pou l ofri peyi Ayiti yon edikasyon altènatif kote pa gen eksklizyon

³ Yo rele “**tach**” yon aktivite kote yo mobilize yon maksimòm konpetans (konesans, ladrès, eksperyans, jès, atitud) pou atenn yon bi nan yon sitiyasyon reyèl.

EDIKASYON POU FÒME SITWAYEN

Oryantasyon Ministè	Pou Ministè ledikasyon nasyonal disiplin ki konpoze syans sosyal yo chita sou twa matyè : Istwa Peyi Ayiti, Jeyografi Peyi Ayiti, Edikasyon pou fome sitwayen ayisyen. Chwa sa a chita nan lide pou fè ti moun yo konnen tè peyi Ayiti, istwa li, ak fason pou viv ladan li an bon jan sitwayen. Ansèyman syans sosyal la chita sitou sou kèk valè sosyal ak kiltirèl peyi Ayiti, epi tou li chita sou devlopman sans ak responsablite sivik, li chita tou sou fòmasyon larelijyon pote bay sitwayen yo ak tou sa milye sosyal ak ekonomik peyi a charye. Valè sa yo chita tou sou konesans lanati pote epi tou ki koresponn avèk tout respè nou dwe genyen pou enstitisyon peyi a ki makonnen tou ak valè moun genyen nan sans pwogrè peyi a.
Konpetans apre premye sik	Yon elèv ki sòti nan premye sik lekòl fondamantal dwe konnen se yon ayisyen li ye. Li dwe konnen ki kote peyi a chita sou planèt tè a, epi li dwe konnen tou prensipal zansèt ki te ban nou peyi sa a. Li dwe konnen kote peyi a sòti, kisa ki rantr nan lavi kiltirèl, sosyal ak ekonomik li. Li dwe konnen dwa ak devwa yon ti moun genyen pou limenm, pou fanmiy li, pou tout sitwayen nan zòn kote lap viv la epi tou pou peyi a.
Konpetans apre premye ane lekòl fondamantal	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou eksprime: - idantite yo - dwa ak devwa yo - vale nasyonal ak inivesel
Mo kle	Idantite, peyi, nasyonalite, kilti
Ki tèm	Idantite, dwa ak devwa ti moun, Valè nasyonal ak inivèsèl

PREMYE ANE

TEM : IDANTITE

NOT POU ANSEYAN AN

Nan mwa novanm 1989 Nasyon Zini te vote konvansyon sou dwa ti moun. Konvansyon sa a rantre nan kad jiridik Leta peyi Ayiti nan ane 1996 lè palman an te vote l la. Se nan Atik 7, Konvansyon sa a pale sou dosye idantite ti moun yo. Men sa li di: « *Lè yon ti moun fèk fèt li dwe gwenyen yon non, yon siyati ak yon nasyonalite* »

Konvansyon sa rapousiv pou'l di nan atik 3 a: « *Nan tout sitiyasyon difisil ki kapab prezante, ti moun yo dwe genyen priyorite « enterè siperyè tout ti moun »*. Nan sans sa a, anseyan an dwe mete anpil atansyon sou ti moun yo li genyen nan klas li yo pou fè yo respekte tout atik konvansyon an, espesyalman 2 atik sa yo.

Dosye idantite ti moun yo chita sou kat (4) baz:

- Idantite endividyèl oswa pèsonèl
- Idantite famiy
- Idantite sosyal ak lokal
- Idantite nasyonal

Mo kle ak enpòtan

Idantite, peyi, nasyonalite, kilti

- **Zouti pou anseyan**
- 1- Konvansyon sou dwa timoun
- 2-Déklarasyon inivèsèl dwa moun
- 3-Michèle ORIOL, Histoire et éducation civique, Lanno Imprimerie, 2001 Belgique.
- **Liv pou elèv yo**
- 1-Odette R. FOMBRUN, Moi et les autres, Editions H. Deschamps
- 2- Odette R. FOMBRUN, Moi et mon Pays, Editions H. Deschamps

Premye aktivite (mizantren) :

Anseyan yo ap koute chante Mikaben nan ki rele « Ayiti se »

1)- Y ap idantifye ki pati ki gen rapò ak zòn kote y ap viv la.

2) - Y ap idantifye tou kèk aktivite ki kapab atire atansyon elèv yo

PREMYE ANE

Tèm I: Idantite

Kantite sekans : 5 sekans

Dire tout tèm nan: 600 minit (10 zè tan)

Sekans 1 : idantite endividyèl

Dire total sekans 1 ak sekans 1-1 : 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou ekprime: - idantite endividyèl yo - idantite fanmiy yo - idantite sosyal ak lokal yo - idantite nasyonal yo	Period	Dire	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon	
Konpetans 1 Eksprime idantite pèsonèl ou	Objektif aprantisaj : Anseyan an ap ede elèv la konnen ekspresyon pou li prezante tèt li.	Aktivite #1: Chak elèv ap prezante tèt li, L ap di siyati ak non li, dat li fèt, laj li, l ap di non manman li ak papa li. Pou fini l ap di si li genyen frè ak sè epi lap di tou ki ran li okipe nan fanmiy an Aktivite # 2: Chak elèv ap di tou sa yo renmen ak tou sa yo pa renmen tankou : Espò, nouriti, jwèt elatriye.....	Sektanm	15 minit	Foto Batistè Radyo	Anseyan an ap ede elèv yo prepare albom Klas la. Chak elèv ap fè yon fich ak tout foto li pou l prezanté tèt li (non, siyati, laj, éspo li pi renmen Anseyan ap reyini tout fich yo pou li fè albom klas la)

PREMYE ANE

Tèm I: Idantite **Kantite sekans :** 5 sekans **Dire tout tèm nan:** 600 minit (10 zè tan)

Sekans 1-1 : idantite endividyèl **Dire total sekans 1 ak sekans 1-1 :** 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou eksprime: - idantite endividyèl yo - idantite fanmiy yo - idantite sosyal ak lokal yo - idantite nasyonal yo		Period	Dire	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
<p>Konpetans 1-1</p> <p>Eksprime idantite pèsonèl ou</p>	<p>Objektif aprantisaj :</p> <p>Anseyan an ap ede elèv la prezante karakteristik ki dekri li</p>	<p>Aktivite #1-1: Chak elèv ap prezante karakteristik li : L ap di sèks li, koulè po li (nwa, klè), koulè je ak koulè cheve, otè li.</p>	Oktob	45 minit	<p>-Foto</p> <p>-Fich idantite (pou pwofesè a prepare pou elèv yo)</p>	<p>Aktivite entegrasyon (Chak elèv ap prepare yon fich pou remèt nan direksyon lekòl la pou prepare badj pou li)</p>

PREMYE ANE

Tem I: Idantite **Kantite sekans:** 5 sekans **Dire tout tem nan:** 240 minit (4 trè)

Sekans 2: idantite fanmiy ou **Dire sekans lan :** 60minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou eksprime: <ul style="list-style-type: none"> - idantite endividyèl yo - idantite fanmiy yo - idantite sosyal ak lokal yo - idantite nasyonal yo 		Peryod	Dire	Materyèl	Egzèsis ak evalyasyon
Konpetans 2 Eksprime idantite fanmiy ou	Objektif aprantisaj : Anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou yo prezante manm fanmiy yo.	Aktivité #1: Chak élèv ap dekouvri kisa yon fanmiy ye (fanmiy kap viv nan menm kay ak li) Aktivité #2: Chak élèv ap prezante manm fanmiy kap viv nan menm kay ak li Y ap di non ak siyati manm fanmiy sa yo, Aktivité #3: Chak élèv ap prezante frè yo ak sè yo Y ap fè sa nan di non ak siyati frè ak sè yo	Novanm	60 minit	-Foto manman ak papa -Foto frè ak sè -Tablo pou prezante fanmiy yo	-Anseyan an ap ede chak élèv prepare albòm fanmiy li. -Anseyan an ap ankadre elèv yo pou ede yo konstwi pyebwa fanmiy yo (abjenyalojik).

PREMYE ANE

Tèm I: Idantite **Kantite sekans:** 5 sekans **Dire tout tèm nan:** 240 minit (4 trè)

Sekans 3 : idantite sosyal ak lokal **Dire sekans lan :** 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou ekspri: - idantite endividyèl yo - idantite fanmiy yo - idantite sosyal ak lokal yo - idantite nasyonal yo		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
Konpetans 3 Ekspri idantite sosyal ak lokal	Objektif aprantisaj : Anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou yo prezante idantite vwazen yo ak kanmarad klas yo.	Aktivite #1: Chak elèv ap prezante kanmarad klas ki chita agòch li ak kanmarad klas ki chita adwat li. Y ap di non, siyati kanmarad la, ki sèks yo epi ki dat yo fèt Aktivite #2: Chak elèv ap prezante vwazen ki rete bò kay li. Y ap fè sa pandan y ap di ki kote vwazen ki rete agòch, anfas oswa adwat kay yo. Y ap bay non ak siyati vwazen sa yo.	Desanm	60 minit	Foto kanmarad yo te prezante nan klas la	Anseyan an ap ede elèv yo di kèk aktivite yo konn fè avèk ti moun ki rete nan katye lakay yo

Mo asosye: Vwazinay

PREMYE ANE

Tèm I: Idantite

Kantite sekans: 5 sekans

Dire tout tèm nan: 240 minit (4 trè)

Sekans 4 : idantite nasyonal

Dire sekans lan : 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou ekspri:		Peryod	Dire	Materyèl	Egzèsis ak evalyasyon
Konpetans 4 Ekspri idantite nasyonal	Objèktif aprantisaj Anseyan an ap ede elèv yo dekouvri sa idantite nasyonal ye.	Aktivite #1: Elèv yo ap dekouvri enpotans idantite nasyonal yon moun Aktivite #2: anseyan an ap prezante elèv yo : 1- kat peyi Ayiti. 2-drapo peyi a, 3- lajan peyi a 4- yon foto Jean Jacques Dessalines ki se fondatè nasyon an. Aktivite #3: anseyan an ap fè elèv yo aprann yon koupè ladesalinyenn (Im nasyonal peyi a).	Janv	30 minit	Imaj : -Kat peyi Ayiti -Drapo peyi Ayiti -lajan peyi Ayiti ak zansèt yo ak moniman yo	-Ki pèsonaj ak ki moniman ki sou foto lajan sa yo: -10 goud, - 25 goud, -50 goud, -100 goud, -500 goud -1 000 goud
	Objèktif aprantisaj Anseyan an ap ede elèv yo dekouvri divès fason pou prezante idantite nasyonal	Aktivite #1: Chak elèv ap di ki kote yo fèt (Vil, seksyon kominal, katye), y ap di tou ki lang yo pale Aktivite#2 : Chak elèv ap di nan ki peyi yo fèt epi tou y ap di nasyonalite yo. Aktivite #3: Anseyan an ap ede elèv yo idantifye 3 dat enpòtan nan listwa peyi Ayiti. -18 me 1803 -18 novanm 1803 -1 ^{er} janvyè 1804 Pa bliye 1 : Anseyan an ap raple timoun yo tou, chak 2 janvyè gen yon panse espesyal pou rann omaj ak fondatè nasyon an. Pa bliye 2 : Anseyan an ap raple timoun yo toujou, se kreyol ki prensipal lang peyi Ayiti	Fevriye	30 minit		

PREMYE ANE

Tèm I: Idantite

Kantite sekans: 5 sekans

Dire tout tèm nan: 240 minit (4 trè)

Aktivite entegrasyon

Aktivite #1:

Jean bliye adrès lakay li pandan l ap sòti lekòl. Ba li kèk konsèy ki kapab pèmèt li retwouve adrès lakay li.

Aktivite #2:

Mariz sòti nan menm katye ak ou, li pèdi adrès lakay li pandan l ap sòti legliz. Mariz genyen nan valiz li, batistè li, badj lekòl li, Foto kay kote li rete, foto manman li, foto pa li, kat elektoral manman li..... Di an premye kilès nan pyès sa yo Mariz dwe prezante anvan pou li retwouve adrès lakay li pi byen.

PREMYE ANE

TEM : DWA AK DEVWA TIMOUN

NOT POU ANSEYAN AN

Jodi a voye ti moun lekòl se yon dwa tout peyi rekonèt depi deklarasyon dwa ti moun nasyon zini te redije nan lane 1959. Voye ti moun lakòl la nasyon zini pral ranfòse li nan lane 1989 lè li vini avè konvansyon sou dwa ti moun yo.

Fòk nou di tou nan tan lontan nan peyi anglè ak nan peyi lafrans paregzanp, ti moun 5 kan yo tap travay nan min. Peyi sa yo pral pran gwo desizyon pou mete lekòl primè obligatwa pou retire ti moun lakay yo sou mache travay la. Nou kapab konsidere de desizyon sa a kòm yon sous pou nasyon zini te elabore deklarasyon ak konvansyon sou dwa ti mou yo.

Dokiman sa yo pa chita sèlman sou zafè ledikasyon. Yo pale tou sou koze sekirite, lasante, pwoteksyon, idantite, ak nasyonalite ti moun elatriye..... Peyi Ayiti te siyen deklarasyon an nan lane 1959, epi li pral adopte konvansyon sou dwa ti moun nan nan lane 1994. Dokiman nasyon zini sa yo ak lòt dokiman ankò ban nou tout pwovizyon pou nou devlope tout dwa ak devwa timoun genyen.

Nasyon zini tou kreye yon estrikti ki rele UNICEF pou akonpaye tout peyi ki rekonèt dwa ak devwa ti moun.

Mo kle ak enpòtan

Dwa ti moun, devwa ti moun, enterè siperyè ti moun, idantite jiridik

- **Zouti pou anseyan**
- Déklarasyon inivèsèl dwa moun
- Déklarasyon dwa ti moun
- Konvansyon sou dwa timoun
- Michèle ORIOL, Histoire et éducation civique, Lanno Imprimerie, 2001 Belgique.

- **Liv pou elèv yo**
- 1-Odette R. FOMBRUN, Moi et les autres, Editions H. Deschamps
- 2- Odette R. FOMBRUN, Moi et mon Pays, Editions H. Deschamps

PREMYE ANE

Tèm II: Dwa ak Devwa ti moun

Kantite sekans: 2 sekans

Dire tout tèm nan: 120 minit (2 zè)

Sekans 1 : Dwa ti moun

Dire sekans lan : 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk dwa ak kèk devwa timoun genyen.		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Dekouvri dwa ti moun genyen</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri divès dwa ti moun yo genyen.</p>	<p>Aktivite #1: Anseyan an ap ede elèv yo konprann kisa dwa ti moun ye</p> <p>Aktivite #2: Anseyan an ap prezante elèv yo prensipal dwa yo genyen</p> <ul style="list-style-type: none"> -dwa pou yo gen yon non ak siyati -dwa pou yo gen yon nasyonalite -dwa pou yo manje byen -dwa pou yo ale lekòl -dwa pou yo jwenn pwoteksyon ak sekirite -dwa pou yo jwenn bon jan swen lasante. 	<p>Avr/ Me</p>	<p>60 minit</p>	<p>-Imaj:</p> <ul style="list-style-type: none"> -yon timoun ki prale lekòl -yon lopital kote y ap bay timoun laswenyay -Yon manman kap bay ti moun li tete -Batistè 	<p>Anseyan an ap prezante elèv yo yon lis ki genyen dwa ak devwa ti moun. Nan lis sa a l ap ede yo dekouvri tou sa ki dwa ti moun.</p>

PREMYE ANE

Tèm II: Dwa ak Devwa ti moun

Kantite sekans: 2 sekans

Dire tout tèm nan: 120 minit (2 zè)

Sekans 2 : Devwa ti moun

Dire sekans lan : 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk dwa ak kèk devwa timoun genyen.		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 2</p> <p>Dekouvri devwa ti moun yo</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ankadre chak elèv pou ede yo dekouvri kèk nan devwa ti moun yo genyen.</p>	<p>Aktivite #1: Anseyan an ap prezante elev yo prensipal devwa yo genyen</p> <p>1-Lakay</p> <ul style="list-style-type: none"> -devwa pou obeyi ak respekte paran li -devwa pou respekte vwazen lakay li, -devwa pou devlope solidarite avèk frè ak sè li epi tou zanmi ki sou katye a <p>2-nan lekòl</p> <ul style="list-style-type: none"> - devwa pou travay byen lekòl -dévwa pou obeyi ak respekte anseyan yo -dévwa pou respekte kanmarad klas li - dévwa pou respekte tout moun kap travay lekòl la -Devlope solidarite avè kanmarad klas li 	<p>Avril/ Me</p>	<p>60 minit</p>	<p>Imaj:</p> <p>-2 zou 3 elèv k ap netwaye lakou lekòl</p> <p>-Kèk elèv k ap plante pye bwa nan katye kote lekòl li ye</p> <p>-2 zou 3 elèv k ap pataje mòso bonbon oswa sirèt youn ak lòt</p>	<p>Anseyan an ap elabore ansanm ak elev yo yon lis devwa ti moun genyen.</p>

PREMYE ANE

TEM : VALE NASYONAL AK VALE INIVESEL

NOT POU ANSEYAN AN

Tout peyi gen yon plas sou glob la oswa sou kat mondyal la. Yo chak gen drapo pa yo, im nasyonal pa yo ak konstitisyon pa yo. Peyi Ayiti genyen kòm valè nasyonal: libète, egalite, fratènite. Lide sa yo makonnen avè deviz peyi a kise « *L'union fait la force* ». Nou jwenn tout koze sa yo nan drapo peyi a. Tout koze sa yo se valè inivèsèl yo ye tou.

Peyi Ayiti devlope tou kom valè inivèsèl, solidarite, le **Desalin** ak **Petyon** pote kole bay **Miranda** ak **Boliva** pou yo retire peyi yo nan esklavaj.

Genyen yon seri lòt valè inivèsèl ti moun yo dwe konnen epi devlope tankou : lajistis, tolerans, pa bay manti, pa pran sak pa pou ou (vòlè) , denonse moun elatriye.....

Mo klé ak enpòtan

Libète, egalite, fratènite, solidarité, jistis

Zouti pou anseyan

-Konstitisyon 29 mas 1987

-Michèle ORIOL, Histoire et éducation civique, Lanno Imprimerie, 2001 Belgique.

Liv pou elèv

-Michèle ORIOL, Histoire et éducation civique, Lanno Imprimerie, 2001 Belgique.

-Liv pou elèv premye ane lekòl fondamantal yo

-Kaye pou elèv premye ane lekòl fondamantal yo

PREMYE ANE

Tem III: Valè nasyonal ak valè inivèsèl **Kantite sekans: 2** sekans **Dire tout tem nan:** 120 minit (2 zè)

Sekans 1: Valè nasyonal **Dire sekans lan:** 60 minit

Konpetans tèminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri siyifikasyon ak bon sans mo zansèt yo te ekri sou drapo peyi a		Period	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Dekouvri enpòtans mo libète, egalite, fratènite.</p>	<p>Objektif aprantisaj :</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri sans mo libète, egalite, fratènite genyen pou nasyonal an</p>	<p>Aktivite #1: Ki sans koze libète pou peyi Ayiti</p> <p>Aktivite #2: Ki sans koze egalite pou peyi Ayiti</p> <p>Aktivite #3: Ki sans koze fratènite pou peyi Ayiti</p> <p>Aktivite #4: Ki sans koze linyon fè lafòs pou peyi Ayiti</p>	Me/Jen	60 minit	<p>-drapo peyi Ayiti</p> <p>-Ladesalinyèn</p>	<p>Anseyan an ap prezante elèv yo drapo peyi Ayiti epi lap esplike yo mo zansèt nou yo te ekri sou drapo peyi a</p>

PREMYE ANE

Tem III: Valè nasyonal ak valè inivèsèl **Kantite sekans:** 2 sekans **Dire tout tem nan:** 120 minit (2 zè)

Sekans 2: Valè inivèsèl **Dire sekans lan:** 60 minit

Konpetans teminal:	Alafen premye ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri siyifikasyon ak bon sans mo zansèt yo te ekri sou drapo peyi a		Period	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 2</p> <p>Dekouvri sans mo solidarite jistis ak tolerans</p>	<p>Objektif aprantisaj :</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri sans mo solidarite jistis ak tolerans</p>	<p>Aktivite #1: Enpòtans koze jistis</p> <p>Aktivite #2: Enpòtans koze solidarite</p> <p>Aktivite #3: Enpòtans koze tolerans</p>	Me/jen	60 minit	<p>Imaj :</p> <p>-drapo peyi Ayiti</p>	<p>Anseyan an ap ankadre elèv yo pou ede yo devlope solidarite nan mitan yo ak pa bò lakay yo</p> <p>L ap fè sa nan ede yo konnen koman pou yo :</p> <p>-toujou di laverite, -respekte byen tout moun,</p>

EDIKASYON POU FÒME SITWAYEN

PWOGRAM FÒMASYON POUANSEYAN AK ELÈV PREMYE AK DEZYEM ANE LEKÒL FONDAMANTAL

MODIL FOMASYON A DISTANS

DEZYEM ANE

DEZYEM ANE

Konpetans apre dezyèm ane lekòl fondamantal	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou yo eksprime epi konprann: -Idantite yo -Anviwonman sosyal : Fanmiy -Anviwonman sosyala ; Lekol -Kilti ak sosyete
Mo kle	Idantite, peyi, nasyonalite, kilti
Ki tèm	-Idantite, Anviwonman sosyal : Fanmiy, Anviwonman sosyala : Lekol, Kilti ak sosyete.

DEZYEM ANE

Tèm I: Idantite

Kantite sekans : 2 sekans

Dire tout tèm nan: 75 minit

Sekans 1 : idantite pèsònèl oswa endividyèl

Dire sekans lan : 45 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou ekspriye: - idantite endividyèl yo - idantite nasyonal yo		Period	Dire	Materyel	Egzèsis ak Evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Eksprime idantite pèsònèl</p>	<p>Objektif aprantisaj :</p> <p>Anseyan an ap:</p> <p>-Raple elèv la ekspresyon pou li prezante tèt li.</p> <p>-Raple elèv la eleman karakteristik pou li idantifye l.</p> <p>-Ede elev la dekouvri epi konnen pyès pou idantifye yon moun</p>	<p>Aktivite #1: Chak elèv ap prezante tèt li, l ap di siyati ak non li, dat li fèt ak laj li genyen.</p> <p>Aktivite #2 : Chak elèv ap prezante : - siyati ak non manman li - siyati ak non papa li -siyati ak non frè li epi sè li</p> <p>Aktivite #3: Chak elèv ap prezante karakteristik li. L ap di sèks li, koulè po li (nwa, klè), koulè je ak koulè cheve, otè li, elatriye.....</p> <p>Aktivite #4 : chak elèv ap fè yon lis tou sa yo renmen ak tou sa yo pa renmen pou prezante nan klas la. Nan lis sa a y ap di tou : Espò, nouriti, jwèt yo renmen.....</p> <p>Aktivite #5 : Anseyan an ap prezante elèv yo kèk pyès idantite tankou : -Kat elektoral -Kat idantite -Paspò -Batistè, elatriye.....</p> <p>Li ap fè sa pandan l ap prezante enstitisyon leta ki gen livre moun pyès sa yo.</p>	<p>Sektanm</p> <p>-</p> <p>Oktob</p>	<p>45 minit</p>	<p>-Batistè</p> <p>-Foto</p> <p>-Fich idantite (pou pwofesè a prepare pou elèv yo)</p> <p>-Kat elektoral</p> <p>-Kat idantite</p> <p>-Imaj DGI</p>	<p>-Anseyan an ap ede elèv yo prepare albom Klas la.</p> <p>L ap mande elèv yo prepare fich la ak tout foto yo pou yo prezanté tèt yo (non, siyati, laj, sèks. (Anseyan ap reyini tout fich yo pou li fè albom klas la)</p> <p>-Chak elèv ap prepare yon fich pou remèt nan direksyon lekòl la pou prepare badj pou li</p>

DEZYEM ANE

Tèm I: Idantite Kantite sekans: 2 sekans

Dire tout tèm nan: 75 minit

Sekans 2 : idantite nasyonal

Dire sekans lan : 30 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede elèv yo dekouvri fason pou ekspriye: - idantite endividyèl yo - idantite nasyonal yo		Peryod	Dire	Materyèl	Egzèsis ak evalyasyon
Konpetans 2 Ekspriye idantite nasyonal	Objèktif aprantisaj Anseyan an ap ede elèv konprann pi byen nosyon idantite nasyonal la.	Aktivite #1: Anseyan an ap raple elèv yo enpòtans idantite nasyonal yon moun. Aktivite #2: anseyen an ap prezante elèv yo : 1- kat peyi a ak chèf lye chak depatman. 2- drapo peyi a, 3- lajan peyi a Aktivite #3: Sou kat peyi a ki genyen chef lye tout depatman yo, anseyen an ap mande chak elèv pou ankadre depatman li fèt la. Li ap mande yo tou ankadre depatman manman oswa papa yo soti.	Novanm	15 minit	-Kat peyi Ayiti -Plizyè drapo peyi -Foto lajan peyi Ayiti ak	-Ki pèsonaj ak ki moniman ki sou lajan sa yo: -10 goud, - 25 goud, -50 goud, -100 goud, -500 goud
	Objèktif aprantisaj Anseyan an ap ede elèv yo konprann fason pou prezante idantite nasyonal	Aktivite#1: Chak elèv ap di nan ki peyi yo fèt. Y ap di k ilang yo pale epi tou y ap di nasyonalite yo genyen. Aktivite #2: Anseyan an ap ede elèv yo konprann sans ak enpòtans dat sa yo pou peyi Ayiti. -18 me 1803 -18 novanm 1803 -1 ^{er} janvyè 1804 -2 janvyè jounen zansèt yo	Desanm	15 minit	-Foto lajan pyès 5 goud la ki genyen imaj kat (4) nan zansèt yo sou li	

DEZYEM ANE

Tèm II: Anviwonman sosyal : fanmiy

Kantite sekans: 2 sekans

Dire tout tèm nan: 75 minit

Sekans 1 : Kalte manm nan yon fanmiy

Dire sekans lan : 45 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri divès manm nan yon fanmiy ak wòl yo genyen.		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Dekouvri manm yon fanmiy genyen</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv idantifye divès manm nan yon fanmiy.</p>	<p>Aktivité #1: Anseyan an ap prezante élèv yo dives kalte fanmiy ki genyen tankou: -fanmiy nikleyè -fanmiy elaji, - fanmiy kap viv nan menm kay ak yon ti moun</p> <p>Aktivite #2 : Chak elèv ap indike korekteman non zòn li rete oswa ri li rete (adrès lakay li). Li ap di tou ki dimansyon kay kote li rete.</p> <p>Aktivite #3 : Chak elèv ap prezante karakteristik manman li ak papa li. Li ap fè sa nan di sèks manman ak papa li, koulè po manman ak papa li (nwa, klè), koulè je ak koulè cheve manman ak papa li elatriye...</p> <p>Aktivité #4: Chak élèv ap di ki plas li okipe nan fanmiy li (ki ran li okipe) fanmiy nikleyè.</p>	Janvye	45 minit	Imaj yon fanmiy	<p>Anseyan an ap prezante elèv yo imaj 2 zou 3 fanmiy. Chak imaj yo pa oblije gen menm enfòmasyon. Imaj yo kapab genyen:</p> <p>-gran mè -gran pè -manman ak papa -piti, elatriye.....</p> <p>Anseyan an ap mande elèv yo antoure nenpot manm nan fanmiy li prezante yo.</p>

DEZYEM ANE

Tèm II: Anviwonman sosyal : fanmiy

Kantite sekans: 2 sekans

Dire tout tèm nan:75 minit

Sekans 2: Wòl chak manm yon fanmiy

Dire sekans lan : 30minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri divès manm nan yon fanmiy ak wòl yo genyen.		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 2</p> <p>Dekouvri wòl manm yon fanmiy genyen</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ankadre chak elèv pou ede yo idantifye divès wòl chak manm nan yon fanmiy genyen.</p>	<p>Aktivite #1: Anseyan an ap mande chak elèv pou prezante manm fanmiy li tankou: fanmiy k ap viv nan menm kay ak li.</p> <p>Aktivite #2: Chak elèv ap prezante wòl ak responsablite chak manm fanmiy k ap viv nan menm kay ak li genyen.</p>	Fevriye	30 minit	Imaj yon fanmiy	Anseyan an ap mande elèv yo kontwi imaj oswa desen fanmiy yo. Y ap fe sa pandan y ap ekri wol chak moun nan fanmiy an.

DEZYEM ANE

Tèm III: Anviwonman sosyal : Lekol

Kantite sekans: 3 sekans

Dire tout tèm nan: 120 minit

Sekans 1 : Idantifye lekòl ou

Dire sekans lan : 30 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv idantifye lekòl li, divès manm lekòl li ak prensipal aktivite lekòl li genyen.		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Idantifye adrès lekòl ou.</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv idantifye adrès ak dimansyon lekòl li.</p>	<p>Aktivité #1: Chak élèv ap ekri nan kaye yo adres lekòl li. Li ap fe sa pandan l ap di: non ak adres lekòl li.</p> <p>Aktivite #2 : Chak elèv ap prezante korèkteman youn apre lòt non ak adres lekòl li. Li ap ap fe sa nan di tou ki dimansyon lekòl li genyen.</p>	<p>Mas</p>	<p>30 minit</p>	<p>Imaj yon lekòl</p>	<p>Anseyan an ap mande elèv yo fè desen lekòl yo.</p>

DEZYEM ANE

Tèm III: Anviwonman sosyal: Lekol

Kantite sekans: 3 sekans

Dire tout tèm nan: 120 minit

Sekans 2 : Wòl pèsonèl eskolè

Dire sekans lan : 45 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv idantifye lekòl li, divès manm lekòl li ak prensipal aktivite lekòl li genyen		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Dekouvri wòl pèsonèl lekòl ou.</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri wòl divès manm pèsonèl lekòl li genyen.</p>	<p>Aktivite #1: Anseyan an ap mande chak elèv pou prezante pèsonèl lekòl li. Li ap di non ak siyati:</p> <ul style="list-style-type: none"> -Direkte lekòl la -Sanse lekòl la -Siveyan lekòl la -Pwofese lekòl la -Enfimye lekòl la -Menaje lekòl la -Gadyen lekòl la. <p>Aktivite #2: Chak élèv ap prezante prensipal wòl ak responsablite chak manm pèsonèl lekòl li</p>	<p>Avril</p>	<p>45 minit</p>	<p>Imaj yon lekòl</p>	<p>Anseyan an ansanm ak elèv yo ap konstwi yon lis ki gen prensipal responsablite ak wòl manm pèsonèl lekòl la.</p> <p>Anseyan an ap afiche lis sa a nan klas la pou timoun.</p>

DEZYEM ANE

EDIKASYON POU FÒME SITWAYEN

Tèm III: Anviwonman sosyal : Lekol

Kantite sekans: 3 sekans

Dire tout tèm nan: 120 minit

Sekans 3: Aktivite eskolè

Dire sekans lan : 45 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv idantifye lekòl li, divès manm lekòl li ak prensipal aktivite lekòl li genyen		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 2</p> <p>Dekouvri dives aktivite nan lekòl ou</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ankadre chak elèv pou ede yo dekouvri divès aktivite lekòl yo genyen.</p>	<p>Aktivite #1: Chak elèv ap di tou sa li jwenn nan lekòl li.</p> <p>L ap fè sa pandan l ap di :</p> <ul style="list-style-type: none"> -Bibliyotek lekòl la -Oditoriyòm lekòl la -Direksyon lekòl la -Klas lekòl la -Lakou pou ti moun jwe (teren pou ti moun jwe) -Twalet lekòl la -Kantin lekòl la, elatriye..... <p>Aktivite #2: Chak elèv ap di prensipal aktivite yo reyalize nan chak bagay li di lekòl li genyen, tankou :</p> <ul style="list-style-type: none"> -Bibliyotek -Oditoriyòm -Direksyon -Klas lekòl -Tèren pou elèv jwe, elatriye..... 	Me	45 minit	Imaj yon fanmiy	<p>Anseyan an ap mande elèv yo kontwi yon lis ki gen ladan tou sa lekòl li genyen epi lap di tou, kisa yo reyalize kòm aktivite ladan yo.</p>

DEZYEM ANE

Tèm IV: Kilti ak sosyete

Kantite sekans: 3 sekans

Dire tout tèm nan: 90 minit

Sekans 1 : Chante popilè nan peyi Ayiti

Dire sekans lan : 30 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk chante, jwèt ak kont popilè an Ayiti.		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 1</p> <p>Idantifye chante popilè an Ayiti.</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk chante popilè an Ayiti</p>	<p>Aktivite # 1 : Anseyan ansanm ak elèv yo ap idantifye kek chante popile an Ayiti tankou :</p> <p>-Chante nwèl ki di : Tonton Nwèl pote pou ti moun ki pa dezòd.....</p> <p>-Chante ki di : 1, 2, 3 nous irons au bois, 4, 5, 6 Cueillir des cerises, 7, 8, 9 dans un panier neuf, 10, 11, 12 elles seront toutes roses.</p> <p>Aktivite # 2 : Anseyan ap idantifye lot chante toujou pou elev yo chante.</p>	Me	30 minit	<p>-kopi chante nwel</p> <p>-radyo ak kaset oswa CD</p>	-

DEZYEM ANE

Tèm IV: Kilti ak sosyete

Kantite sekans: 3 sekans

Dire tout tèm nan: 90 minit

Sekans 2 : Jwèt popilè nan peyi Ayiti

Dire sekans lan : 30 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk chante, jwèt ak kont popilè an Ayiti		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 2</p> <p>Dekouvri jwèt popilè an Ayiti.</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk jwèt popilè an Ayiti.</p>	<p>Aktivite # 1 : Anseyan ansanm ak elèv yo ap idantifye kek jwet popile an Ayiti tankou :</p> <ul style="list-style-type: none"> -Jwe marèl -Sote kòd -Jwe mab -Jwe oslè <p>Aktivite # 2 : Anseyan ap aprann elèv yo jwe jwèt popilè sa yo. Jwe marèl, Sote kòd, Jwe mab, Jwe oslè, elatriye.....</p>	<p>Jen</p>	<p>30 minit</p>	<p>-Imaj ti moun k ap sote kod</p> <p>-Imaj ti moun k ap jwe oslè</p>	

DEZYEM ANE

Tèm IV: Kilti ak sosyete Kantite sekans: 3 sekans Dire tout tèm nan: 90 minit

Sekans 3: kont popilè nan peyi Ayiti Dire sekans lan : 30 minit

Konpetans tèminal:	Alafen dezyèm ane lekòl fondamantal anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk chante, jwèt ak kont popilè an Ayiti		Peryod	Dire	Materyel	Egzèsis ak evalyasyon
<p>Konpetans 3</p> <p>Dekouvri kont popilè an Ayiti</p>	<p>Objektif aprantisaj:</p> <p>Anseyan an ap ede chak elèv dekouvri kèk kont popilè an Ayiti.</p>	<p>Aktivite # 1 : Chak elev ap idantifye kont popile yo konnen, tankou :</p> <ul style="list-style-type: none"> -Pase isit nap rankontre lòt bò -Tou won san fon -Manmanm gen twa (3) pitit si youn pa la lòt yo pa kapab sèvi, elatriye..... <p>Aktivite # 2 : Anseyan ansanm ak elèv yo ap idantifye lòt kont toujou epi l ap mande yo eksplike selon yo menm kont popilè sa yo.</p>	<p align="center">Jen</p>	<p align="center">30 minit</p>	<p align="center">-kopi kek kont popile an Ayiti</p>	



3^{ème} Rue Rivière # 2. Port-au-Prince, Haïti
 Boite Postale # 19029, Rue Capois
 Téléphone : 3413-5536
 Courriel : grieal@yahoo.fr

Groupe de Recherches et d'Interventions en Education Alternative

ZOUTI POU EVALYASYON PWOGRAM FOMASYON A DISTANS

Matye : Edikasyon pou fome sytwayen premye ane

Pou evalyasyon pwogram yo, w ap sèvi ak griy sa a. W ap koche (✓) chak endikatè yo apati echèl apresyasyon ki pi ba a.

Echèl apresyasyon : 1= Pa ditou 2= An pati 3= Prèske totalman 4= Totalman

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ORYANTASYON	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan respekte kourikoulòm (1yè ou 2èm AF) ■ Konpetans fen sik yo defini byen aklè ■ Tèm ki abode yo koresponn ak nivo elèv yo ■ Anseyan ka konprann san difikilte oryantasyon fòmasyon an 					
FOMILASYON AK CHWA KONPETANS YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan jan li fèt la ap rann elèv yo konpetan ■ Nan chwa konpetans yo nivo elèv yo respekte ■ Elèv yo ap kapab devlope ladrès pou rezoud pwoblèn nan yon sityasyon ki prezante devan yo ■ Anseyan yo kapab retwouvwe yo san difikilte nan apwòch sa a ki tabli aprantisaj elèv yo sou baz konpetans 					

Matye : Edikasyon pou fome sytwayen premye ane

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	

ESTRATEJI APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Mete elèv yon nan mitan sitiyasyon aprantisaj la ■ Pèmèt elèv yo konstrui konesans yo ■ Anseyan an jwe sitou yon wòl fasilite (akonpayatè) ■ Elèv la ap kapab itilize sa li aprann nan pou l rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi li depi kounye a 					
CHWA AKTIVITE YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Gen rapò ak nivo laj elèv yo e nivo sosyokiltirèl yo ■ Pèmèt elèv yo patisipe ■ Pèmèt aprantisaj yo reyalize ■ Atreyan pou laj elèv yo 					
EVALYASYON APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan mezire aprantisaj elèv yo reyalize ■ Evalyasyon fèt sou sa elèv yo aprann ■ Evalyasyon an pa penalize elèv yo ■ Evalyasyon ka pèmèt yo reyalize ki kote yo rive nan pwosesis fòmasyon yo 					



3^{ème} Rue Rivière # 2. Port-au-Prince, Haïti
 Boite Postale # 19029, Rue Capois
 Téléphone : 3413-5536
 Courriel : grieal@yahoo.fr

Groupe de Recherches et d'Interventions en Education Alternative

ZOUTI POU EVALYASYON PWOGRAM FOMASYON A DISTANS

Matye : Edikasyon pou fome sytwayen dezyem ane

Pou evalyasyon pwogram yo, w ap sèvi ak griy sa a. W ap koche (✓) chak endikatè yo apati echèl apresyasyon ki pi ba a.

Echèl apresyasyon: 1= Pa ditou 2= An pati 3= Prèske totalman 4= Totalman

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ORYANTASYON	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan respekte kourikoulòm (1yè ou 2èm AF) ■ Konpetans fen sik yo defini byen aklè ■ Tèm ki abode yo koresponn ak nivo elèv yo ■ Anseyan ka konprann san difikilte oryantasyon fòmasyon an 					
FOMILASYON AK CHWA KONPETANS YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan jan li fèt la ap rann elèv yo konpetan ■ Nan chwa konpetans yo nivo elèv yo respekte ■ Elèv yo ap kapab devlope ladrès pou rezoud pwoblèn nan yon sitiyaason ki prezante devan yo ■ Anseyan yo kapab retwouvwe yo san difikilte nan apwòch sa a ki tabli aprantisaj elèv yo sou baz konpetans 					

Matye : Edikasyon pou fòmasyon dezyèm ane

ASPÈ EVALYE	Endikatè	Echèl apresyasyon				REMAK/KOMANTE
		1	2	3	4	
ESTRATEJI APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Mete elèv yon nan mitan sitiyasyon aprantisaj la ■ Pèmèt elèv yo konstrui konesans yo ■ Anseyan an jwe sitou yon wòl fasilite (akonpayatè) ■ Elèv la ap kapab itilize sa li aprann nan pou l rezoud pwoblèm li rankontre nan lavi li depi kounye a 					
CHWA AKTIVITE YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Gen rapò ak nivo laj elèv yo e nivo sosyokiltirèl yo ■ Pèmèt elèv yo patisipe ■ Pèmèt aprantisaj yo reyalize ■ Atreyan pou laj elèv yo 					
EVALYASYON APRANTISAJ YO	<ul style="list-style-type: none"> ■ Pwogram nan mezire aprantisaj elèv yo reyalize ■ Evalyasyon fèt sou sa elèv yo aprann ■ Evalyasyon an pa penalize elèv yo ■ Evalyasyon ka pèmèt yo reyalize ki kote yo rive nan pwosesis fòmasyon yo 					